



Anglè pou Granmoun - Liv akademik Kreyòl Ayisyen

Pri pwogram yo

Frè lekòl pou pwogram Anglè pou Granmoun kòm Dezyèm Lang lan se \$1,520 pou yon semès.

Elèv yo ka peye tout frè lekòl la lè y ap enskri pou yo resevwa yon rabè \$100.

<i>Peye tout frè ekolaj yo</i>	\$1,420 dwe peye lè w ap enskri.
--------------------------------	----------------------------------

Oubyen, elèv yo ka peye ak yon plan peman:

<i>Premye peman</i>	\$760 dwe peye lè w ap enskri.
<i>2yèm peman an</i>	\$760 dwe peye 30 jou apre kou yo kòmanse

OBLIGASYON PEMAN - Ou dakò pou peye frè ekolaj ki nan lis sou premye paj Akò Enskripsyon an. Kit ou ale nan sesyon klas regilye yo kit ou pa, ou dwe toujou peye ekolaj ou dapre sik peman an. Si ou poko gen 18 an, yon adilt dwe siyen kòm yon garan oswa yon moun ki responsab pou peye. Pri kou yo ak yon lis frè ki aplikab yo disponib nan moman enskripsyon an ak sou sit entènèt lekòl la.

Y ap fè elèv yo peye \$100 pou reta si yo pa resevwa dezyèm peman an nan yon semèn apre dat limit la. Si elèv la pa fè peman an nan de semèn apre dat limit la, li p ap ka retounen nan klas jiskaske li fin peye tout montan an.

Règleman akademik

Aprann kominike nan yon lòt lang se yon travay difisil. Y ap evalye pèfòmans ou nan pwogram nan atravè tès ak devwa oral. Elèv yo dwe fè devwa yo chak jou.

Pou yo reyisi nan kou a, elèv yo dwe fè tout devwa yo ak yon mwayèn 80%. Yon elèv ap resevwa yon sètifika konpleksyon si li satisfè tout egzijans kou a.

Règleman prezans lan

Lekòl la espere elèv yo ale nan tout klas ki pwograme yo. Move prezans ak reta anpeche kapasite aprantisaj elèv yo epi ka mennen nan echèk.

Lè yon elèv absan, se responsablite li pou l ratrape nenpòt travay li te rate. Elèv yo dwe wè pwofesè yo pou devwa li te rate oswa pou yo ka reprann yon egzamen.

Règleman Ranbousman

Enstiti Lang Anglè Filadèlfi a pa bay ranbousman pou kou elèv la pa kòmanse. Elèv ki peye tout oswa yon pati nan lajan ekolaj la ka mande yon ranbousman lè yo anile nan senk (5) jou apre enskripsyon an. Tout demann ranbousman dwe fèt ofisyèlman atravè yon konseye lekòl la, yon sipèvizè, oswa direktè pwogram nan. Pou anile yon kou, tanpri voye yon imèl bay apereira@pelischool.org.

Anile anvan sesyon yo kòmanse:

- Ranbousman lajan pou peye lekòl mwens frè enskripsyon \$55 la

Anilasyon nan lespas 7 jou apre kou yo kòmanse:

- Elèv la resevwa yon ranbousman sèlman 45% nan frè ekolaj la.



Anglè pou Granmoun - Liv akademik Kreyòl Ayisyen

Anile apre 7 jou leson: PA GEN REMBOUSMAN

- Elèv ki peye an antye pa ka resevwa yon ranbousman epi yo pa dwe okenn montan.
- Elèv ki te peye \$760 okòmansman (peman pasyèl) pa ka resevwa yon ranbousman epi yo ap toujou oblije peye montan ekolaj la nèt, ki gen ladan dezyèm peman \$760 la.

Pou anile enskripsyon w lan, tanpri kontakte Biwo Admisyon an. Ou kapab tou avize nou pa voye yon mesaj tèks nan 215-770-8998.

Kòd Konduit

PELI angaje l anvè divèsite, enklizyon, respè, ak sivilite. PELI atann tout elèv yo respekte Kòd Konduit la. Kèk vyolasyon Kòd Konduit la gen ladan yo:

- Malonètete, ki gen ladan triche ak plajya
- Entèripsyon entansyonèl aktivite ansèyman, administratif, oswa lòt aktivite lekòl
- Abi fizik, vèbal, oswa ekri sou nenpòt moun nan lokal lekòl la
- Vòlè oswa domaje pwopriyete lekòl la oswa pwopriyete nenpòt moun nan lokal lekòl la
- Asèlman seksyèl, ki gen ladan demann endezirab pou gen yon relasyon fizik, amoure, oswa pèsònèl ak nenpòt lòt elèv oswa manm fakilte

Yo ka ranvwaye elèv yo nan kou yo si yo pa respekte kòd konduit la.

Foto ak videyo

Elèv la bay konsantman li pou lekòl la pran foto oswa imaj videyo pandan l nan klas la.

Fòm Kontra Elèv la

Tanpri tcheke kaz yo (☑) epi siyen fòm yo bay la. Lè w siyen, ou deklare ke ou konprann epi ou dakò ak kondisyon ak règleman yo eksplike isit la ak nan Manyèl Akademik la.

- ☐ Mwen konprann kalandriye ak orè kou a
- ☐ Mwen konprann règleman peman ak ranbousman an
- ☐ Mwen konprann règleman akademik la
- ☐ Mwen konprann règleman prezans lan
- ☐ Mwen aksepte kòd konduit elèv la
- ☐ Mwen otorize pou yo pran foto mwen epi itilize li pou maketing PELI